

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar tujuh hal anu aya hubunganna jeung prosedur panalungtikan, nya éta (1) data jeung sumber data, (2) desain panalungtikan, (3) metode panalungtikan, (4) wangenan operasional, (5) téhnik ngumpulkeun data, (6) téhnik ngolah data, jeung (7) instrumen panalungtikan.

A. Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta watek palaku jeung ajén falasifah hirup nu aya dina dongéng-dongéng Si Kabayan. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta basa Sunda ragam tulis dina wangun carita Si Kabayan. Ragam tulis nu dijadikeun sumber data nya éta buku dongéng *Si Kabayan*. Éta buku teu kapanggih nu ngarangna (anonim) sarta éta buku diterbitkeun di Jakarta, ku penerbit Balai Pustaka, dina taun 1932 Ukuran buku 21 X 15,5 cm, kandelna 51 kaca.


Judul dongéng dina éta buku aya 30 carita, nya éta (1) Si Kabayan Maling Lahang, (2) Si Kabayan Maling Hayam, (3) Si Kabayan Ngimpi Mandi, (4) Si Kabayan Ngala Odéng, (5) Si Kabayan Nembang, (6) Si Kabayan Gelut jeung Bubu, (7) Si Kabayan Maca Hutbah, (8) Si Kabayan Nanya Ngaran ka Dunungan, (9) Si Kabayan Nyadap, (10) Si Kabayan Surti, (11) Si Kabayan jeung Dununganana Nyacar, (12) Si Kabayan Nyiar Pamajikan, (13) Si Kabayan Manggih Mayit, (14) Si Kabayan dititah Balangsiar ka Leuweung, (15) Si Kabayan Ngala Manuk, (16) Si Kabayan jeung Ninina, (17) Si Kabayan Ngala Peuteuy Runtuh, (18) Si Kabayan Ngala


Tutut, (19) Si Kabayan Nawu Kombongan, (20) Si Kabayan ulah ku Manéh, (21) Si Kabayan Manggih Duit, (22) Si Kabayan Meuleum Kéré, (23) Si Kabayan Lintar jeung Mitohana, (24) Si Kabayan teu Nyaho di Kalong, (25) Si Kabayan Dusun, (26) Si Kabayan Ngala Roay, (27) Si Kabayan Naheun Bubu, (28) Si Kabayan Maling Nangka, (29) Si Kabayan Meunang Bagian Paré, jeung (30) Si Kabayan Paréhéng jeung Mitohana.

B. Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif. Dina ieu panalungtikan didésripsikeun ngeunaan watek palaku jeung ajén falasifah hirup dina dongéng Si Kabayan. Galur panalungtikan bisa digambarkeun ieu di handap:

Bagan: 3.1 Galur Panalungtikan





C. Méthode Panalungtikan

Metode mangrupa cara pikeun neuleuman objék anu jadi sasaran panalungtikan. Panulis bisa milih salasahiji tina rupa-rupa métode anu aya saluyu jeung tujuan, sipat, objék, sipat élmu atawa téori anu ngarojongna. Dina panalungtikan, objék anu nangtukeun metode anu bakal digunakeun Koentjaraningrat (Suratiningsih, 2011: 33).

Ieu panalungtikan dilaksanakeun kalawan ngagunakeun metode deskriptif. Metode deskriptif nya éta hiji metode pikeun ngagambarkeun kaayaan objek anu ditalungtik anu sakaligus medar aspék-aspék anu dijadikeun puseur panitén dina panalungtikan.

Metode deskriptif digunakeun pikeun ngaidéntifikasi jeung medar unsur-unsur anu jadi puseur panalungtikan. Sudjana jeung Ibrahim (Suratiningsih, 2011: 33) ngébréhkeun yén metode deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hiji gejala, peristiwa, kajadian anu aya nalika panalungtikan lumangsung. Metode deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kaayaan objék anu ditalungtik ku cara medar hal-hal anu jadi puseur panitén jeung ngarojong objék panalungtikan éta.

D. Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh teu nimbulkeun salah tafsir, aya sababaraha istilah dia panalungtikan anu kudu diterangkeun saperti ieu di handap:

1. *Dongéng* nya éta carita rékaan anu mere kesan pamohalan tur ukuranana parondok. Mémang aya ogé dongéng anu kesan pamohalanana téh henteu

karasa, nya éta dongéng-dongéng anu nyaritakeun kahirupan sapopoé saperti dongéng-dongéng Si Kabayan.

2. *Si Kabayan* nya éta tokoh paradoks anu ngawangun carita-carita paradoks ogé. Tokoh saperti kitu tétéla muncul tina pamikiran sacara jero hiji jalma (atawa sababaraha jalma) intelektual. Bobot sastrawina luhur pisan. Sok sanajan sumebarana sacara lisan, Ku kituna loba anu ditambahan jeung dikurangan luyu jeung parobahan masarakatna, sanajan kitu inti pesenna masih kénéh jelas pisan. Malah mah urang bisa ngarekonstruksi wangun aslina.
3. *Kahirupan Masarakat Sunda* nya éta masarakat nu aya di Jawa Barat anu dina basa sapopoéna ngagunakeun basa Sunda.
4. *Watek* nya éta sipat batin manusa anu mangaruhan kana sakabéh pikiran jeung tingkah paripolah.
5. *Ajén Falasifah Hirup* nya éta nilai tangtungan hirup hiji atau sakelompok jalma anu mangrupa konsép dasar ngeunaan kahirupan anu dipikahayang. Filsafat ngabogaan harti ogé salaku hiji sikep hiji jalma anu sadar dina mikiran sagala perkara sacara jero sarta hayang ningali tina segi anu lega jeung kana sagala hubungan.

E. Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat pikeun meunangkeun data (Sudaryanto, 1988: 9). Instrumen panalungtikan diperlukeun pikeun ngarojong langkah-langkah operasional panalungtikan, utamana anu aya hubunganna jeung téhnik ngumpulkeun data.

Instrumen anu dipaké nya éta kartu data. Dina kartu data aya informasi ngeunaan judul dongéng, kaca dicutat, sarta unsur analisis dongéng.

Judul	:	_____
Téks Dongéng	:	_____
Watek palaku	:	_____
Ajén falasifah hirup	:	_____

F. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka (bibliografis). Data nu dikumpulkeun mangrupa dongéng Si Kabayan tina sumber tinulis. Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun data saperti ieu di handap:

1. Néangan buku kumpulan dongéng Si Kabayan.
2. Nyutat dongéng Si Kabayan anu ngandung watek jeung ajén falasifah hirup.
3. Nganalisis watek palaku jeung ajén falasifah hirup nu aya dina dongéng-dongéng Si Kabayan.
4. Ngadéskripsikeun hasil analisis.

G. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data tujuanna pikeun ngébréhkeun prosés ngaorganisasikeun jeung ngaruntuykeun data ngeunaan watek jeung ajén falasifah hirup anu aya dina dongéng Si Kabayan.

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

1. Nganalisis watek palaku Si Kabayan dina dongéng.
2. Nganalisis ajén falasifah hirup dina dongéng Si Kabayan.
3. Nyieun kacindekkan tina hasil analisis watek palaku jeung ajén falasifah hirup.